ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№78 (23.486) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев О. Е., КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. сымэ Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ



**КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзэри лэжьыгъэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев О. Е., КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. сымэ.**

АХЭР хэплъащ 2017 гъэм и япэ мазиплIым ди щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекIуэкIам, Урысейм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Нэхъ хэхауэ зэIущIэм къыщаIэтащ унэ кхъахэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэр дызыхуэкIуэ фокIадэ мазэм ирихьэлIэу Iэмал имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейр.

Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 72-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олег округым исхэм ехъуэхъуащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэ накъыгъэм и 1-мкIэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэ накъыгъэм и 1-мкIэ сынывохъуэхъу.

Хабзэ хъуауэ, а махуэр гъатхэ къэщIэрэщIэжыныгъэм, къэкIуэнум яхуэгъэза мурад нэхухэм я дамыгъэу, цIыхубэм я дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу щыт фIыгъуэм - гуащIэдэкIым - пщIэшхуэ хуэщIынымрэ ар къэлъытэнымрэ я дамыгъэу къокIуэкI.

Ди къэрал иныр лIэщIыгъуэ куэдым я гуащIэкIэ зэтрагъэуващ икIи дяпэкIэ ар нэхъри зэрыбгъэдэхэфынур лэжьыгъэ хьэлэлкIэщ. ЦIыхум сыт хуэдэ IэнатIэ иримыхьэкIми: ар станокым бгъэдэтми, комбайным тесми, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIми, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я IэнатIэм пэрытми - а псори ди къэралыр езыгъэфIакIуэ, абы и фIыгъуэр зыгъэбагъуэ, лъэпкъ куэду зэхэт цIыхубэм зезыгъэужь Iуэхущ.

Мы зэманым Кавказ Ищхъэрэм инвестицэ проект инхэр щагъэзащIэ, ди хэкуэгъухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, округым, зэрыщыту къэралым я экономикэ зэфIэкIыр гъэбыдэным хуэгъэзауэ хозяйствэхэм, экономикэм, социальнэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщ.

Нобэрей гъатхэ махуэм фи гукъыдэжыр къиIэтыну, къэкIуэну зэманым фIыкIэ фыхуигъэплъэну сынывохъуэхъу. Лэжьыгъэм и ветеранхэу ди щIалэгъуалэм я дежкIэ щапхъэ гъуэзэджэу къекIуэкIхэм гулъытэ хэха, пщIэ, лъагъуныгъэ ягъуэтыну си гуапэщ.

ЕфIэкIуэныгъэ фиIэну, фи уафэр къабзэрэ фи лэжьыгъэм мамырыгъэрэ гуфIэгъуэрэ къыфхуихьыну сынывохъуэхъу.

**ПщIэ фхуэзыщI**
**БЕЛАВЕНЦЕВ Олег.**

## УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь Белавенцев Олегрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ накъыгъэм и 1-м гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олегрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ накъыгъэм и 1-м Налшык щекIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыху минхэр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэр, ветеранхэр, политикэ партхэм, щIалэгъуалэ, профсоюз, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, курыт школхэм щеджэхэр зэщIыгъуу республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утыкум къыщежьэри, ЗэгурыIуэныгъэ утыкум нэс къыдэкIуеящ икIи республикэм и артист нэхъыфIхэм абдеж щата концертым еплъащ.

Махуэшхуэ демонстрацэхэр апхуэдэу щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, район псоми.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

**Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и IуэхукIэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къэщтам, и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ, Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм щыIэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Псынэ» лагерым хиубыдэ щIыпIэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм щыщ Iыхьэм, ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ мэз кусэр, ищхъэрэ-къухьэпIэмкIэ - Арщыдан къуажэм и гъунапкъэр, ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ Р-217 «Кавказ» псоми къагъэсэбэп федеральнэ автомобиль гъуэгур, ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ - Мэремкъул зэкъуэшхэм я цIэр зезыхьэ уэрамыр къызэщIэзыубыдэм, щагъэуващ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжын.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм мазаем и 28-м къыдигъэкIа Унафэ №16-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№33-РГ*

**Налшык къалэ округым щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и IуэхукIэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къэщтам, и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ, Налшык къалэ округым щыщ Iыхьэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Налшык къалэ округым и щIыналъэм хыхьэ Трек гуэл Iуфэм и хъуреягъкIэ метрипщI къызэдэзыубыд щIыпIэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжын.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Налшык къалэ округым щыщ щIыпIэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм мазаем и 28-м къыдигъэкIа Унафэ №15-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№34-РГ*




## ГъуэгущIэм игъуэтыну теплъэр зыхуэдэм гулъытэ хуащI

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым и автомобиль гъуэгур зэгъэпэщыжыным пыщIа Iуэхугъуэхэр щызэпкъраха зэIущIэ. Абы хэтащ республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий, Iуэхур зэхьэлIа министерствэхэм, ведомствэхэм, Налшык къалэ округым и администрацэм, промышленнэ предприятэхэм, бизнес IэнатIэхэм, жылагъуэ организацэхэм я унафэщIхэр.**

ЗЭХЫХЬЭР къыщызэIуихым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ лъэмыжыр зэпкърыхыным, транспорт гъуэгущIэ ухуэным теухуа я унафэр Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгу» зэгухьэныгъэмрэ (СКЖД-мрэ) къызэрыдаIыгъар.

- Гъуэгу шынагъуэншагъэр егупсысауэ къызэрагъэпэщри, нэхъ лэжьыгъэ гугъухэр зэщхьэщыхауэ и кIэм нагъэблэгъащ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум жыджэру зэрыхэтам папщIэ, щIыналъэм и унафэщIым хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм фIыщIэ яхуищIащ. КъыкIэлъыкIуэ зи чэзу Iуэхугъуэу абы къигъэлъэгъуащ рулым дэсхэмрэ лъэсхэмрэ тыншу зэблэкIыфын папщIэ, щытыкIэ тэмэм къахузэгъэпэщын зэрыхуейр.

ГъуэгущIэм игъуэтыну теплъэр зыхуэдэм гулъытэ хэха хуащIащ. ЗэIущIэм щызэгурыIуащ зэрагъэпэщыжыну щIыпIэр къэзыщтэну предприятэр къыхахын папщIэ, япэ увыпIищым ятещIыхьа зэпеуэ къыхалъхьэну.

- Мыбдежым псом ящхьэр фIагъырщ. Абы жэуаплыныгъэ пылъу фыбгъэдыхьэну дыщогугъ, - къыхигъэбелджылыкIащ КIуэкIуэ Юрий.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей Арсен, «Налшык хьэлвэ завод», «Налшык машинэухуэ завод», «Дагъэ щыщIаху завод» ОАО-хэм я унафэщIхэу Къудали Мухьэмэд, Соблыр Руслан, Тэрчокъуэ Хьэсэн сымэ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## КIуэкIуэ Юрий Хекилаевэ Денизэ йохъуэхъу

### «Макъ. Сабийхэр» Япэ каналым къигъэлъагъуэ программэм и финалым ехъулIэныгъэшхуэ къызэрыщихьамкIэ

«Япэ каналым къызэригъэпэща проектым ехъулIэныгъэшхуэ иIэу зэрыхэтамкIэ. «Хекилаевэ Денизэ «Макъ. Сабийхэр». Япэ каналым цIыху куэд зэплъ и программэм и финалым дэгъуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи ди республикэм и щIыхьыр щихъумащ. Гуапагъэрэ дахагъэрэ зэрыхэлъымкIэ, зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъымкIэ Денизэ телевизорым еплъ цIыху мелуанхэр къыдихьэхащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псори абы ирогушхуэ. Денизэ и адэанэм, педагогхэм, гъэсакIуэхэм сохъуэхъу абы и зэфIэкI лъагэм зэрызрагъэужьам папщIэ. Си фIэщ мэхъу абы и творческэ гъащIэр гъуэзэджэу зэрыщытынур, Iуэху дахэ куэд зэрызэфIигъэкIынур, ехъулIэныгъэ инхэр къызэрихьынур», - инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым иритхащ республикэм и унафэщI КIуэкIуэ Юрий.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*




## ТекIуэныгъэм и махуэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Терроризмэм пэщIэтынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комиссэм (АТК) и зэIущIэр.**

АБЫ къыщыпсэлъащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и нэхъыщхьэ **Усов Олег**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министру щыIэ **Ромашкин Игорь**, УФ-м и лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ IэнатIэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI **Макитов Мусэ**, УФ-м КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Борисов Вячеслав**.

Ахэр тепсэлъыхьащ Хэку хауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ мы гъэм илъэс 72-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр зэрыхуэхьэзырым.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ Терроризмэм пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым, нэгъуэщIхэми хъыбар зэхуэмыдэхэр къазэрыIэрыхьэр, Кавказ Ищхъэрэм терроризм, экстремизм щIэпхъаджагъэ щалэжьынкIэ шынагъуэу. «Накъыгъэм и 9-р республикэм Iэтауэ щыдгъэлъэпIэнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Налшык къалэм и закъуэ щекIуэкIыну «Полк уахътыншэ» урысейпсо Iуэхум цIыху мин 35-м щIигъу кърихьэлIэнущ. Абы къыхэкIыу, цIыхубэм я шынагъуэншагъэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэдгъэпэщын хуейщ», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

ЗэIущIэм хэтащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**, УФ-м СледствэмкIэ и комитетым и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Устэ Валерий**, КъБР-м и УФСИН-м и унафэщI **Мэржэхъу Мухьэмэд**, КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Жекеев Алахберди**, КъБР-м щIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэнымрэ къэрал IуэхущIапIэхэм экстремизмэм пэщIэтыным и лъэныкъуэкIэ я лэжьыгъэр унэтIынымрэ я IуэхухэмкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, КъБР-м и суд приставхэм я федеральнэ IэнатIэм и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Танэ Эдуард**, УФ-м и ФСО-м хъыбар хэхахэмкIэ КъБР-м щыIэ и центрым и унафэщI **Волошин Валентин** сымэ.

Комиссэм хэтхэм ягъэбелджылащ гулъытэ хэха зыхуащIыну лэжьыгъэхэр.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

## Нэгузыужьу, гъэщIэгъуэну зэдагъэлъапIэ

**Дэнэ щIыпIи хуэдэу, Накъыгъэм и 1-р, Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр, республикэм щагъэлъэпIащ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэр накъырапщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ я пашэу, республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утыкум деж щыщIадзэри ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум нэс ирикIуащ, къэралым и ныпхэр, «Урысей зэкъуэт», «Коммунист парт» политикэ партхэм и дамыгъэхэр зытет нып цIыкIухэр, транспарантхэр, шар зэмыфэгъухэр яIыгъыу.

ЛэжьакIуэхэм къадэкIуэу, лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу парадым хэтащ курыт еджапIэхэм щIэсхэмрэ студентхэмрэ. ГуащIэрыпсэухэм яIыгъ транспарантхэм тетт я Iуэху дэкIыну, псэукIэ нэхъыфIым, зэпэщым хуэкIуэну, я улахуэм щхьэщатыкI налогым, уасэхэм хамыгъэхъуэну властыр къызэрыхураджэ тхыгъэхэр.

ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум деж къалэдэсхэм папщIэ къыщызэрагъэпэща концертым парадым хэтхэр еплъащ. Налшыкдэсхэмрэ къалэм и хьэщIэхэмрэ махуэшхуэр нэгузыужьу, гъэщIэгъуэну зэдагъэлъэпIащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**







Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** трихащ.

# Налшык зыгъэдахэ псыутхххэм лэжьэн щIадзэж

● Щэнхабзэ

**Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм и пэ къихуэу Налшык Iуэху гуапэхэр щекIуэкIащ. КъБР-м и Правительствэм и Унэм и гупэм къит Зэгурыlуэныгъэм и утыкум деж лэжьэн щыщIидзэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр нэхъри бжьыфIэ, дахэ зыщI, макъамэм зыдэзыщIу «къафэ», зэмыфэгъуу къаблэ псыутхым.**





ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ уэрэджыIакIуэ, телевиденэм и лэжьакIуэ Аттаев Азнор. Мэлыжьыхьым и 29-м сыхьэт 15-м къалэм дэт псыутххэр псори зэуэ яутIыпщыжащ, зэхуэсахэм я Iэгуауэ макъым щIэту. Республикэм исхэм, хьэщIэхэм я гур хегъахъуэ псыутхым, макъамэр зыхуэдэм елъытауэ, зи инагъымрэ плъыфэмрэ зыхъуэжым. Макъамэ псынщIэ къыщеуэкIэ, псыутхым метр зыбжанэкIэ лъагэу зеIэт, и щхьэщыгум мафIэхэр къыщылыд-щыункIыфIыжу. Ар классикэ, эстрадэ, рок, лъэпкъ макъамэхэми «къыдофэ».

Зэгурыlуэныгъэм и утыкум къыщызэрагъэпэща концертым къалэдэсхэри республикэм и хьэщIэхэри зэхуишэсащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. Апхуэдэхэщ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу Абэнокъуэ Рустам, Мэз Джульеттэ, Белоцерковская Динэ, Хуламханов Къайсын, Дэгу Каринэ, Налшык къалэм и Сабий музыкэ школхэм зэдай хорыр, Гъуазджэхэмкlэ Сабий школым, Эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ къалэ центрым щыщхэр, «Нал цIыкIу», «Эльбрус», «Ровесницы» ансамблхэм я къэфакIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и кърал институтым и Музыкэ кадет корпусым и гъэсэнхэр, нэгъуэщIхэри.

Балигъхэми сабийхэми я нэгу зрагъэужьу зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и духовой оркестрым, къэфакIуэ ансамблхэм, бэрэбэнауэхэм, пшынауэхэм, уэрэджыIакIуэхэм, ажэгъафэхэм. НыбжьыщIэхэм Iэмал яIащ спорт зэхьэзэхуэхэм хэтыну, таурыхъхэм къыхэщ лIыхъужьхэм я щыгъынхэмкIэ хуэпа артистхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхыну. КIэщIу жыпIэмэ, махуэр псоми гукъинэжу ягъэкIуащ.



Зи лъагагъыр зэщхьэщыкIыу псы къизыутхыкI, фалъэ теплъэ зиIэ псыутхыр щIы щIагъ пэшым щIэт компьютерымкIэ ягъэлажьэ. Абы и фIыгъэкIэ, Зэгурыlуэныгъэм и утыкур цIыху кIуапIэ, щэнхабзэ центр хъуащ. Махуэ хуабэм псыутхым и Iуфэм деж зыщыбгъэпсэхуну уасэ зэримыIэм, цIыху езэшам къару, гукъыдэж къызэрыхилъхьэжым хэт щымыгъуазэр?! Абы и закъуэкъым. ЩIалэгъуалэм пщыхьэщхьэкIэрэ абдежым джэгу щызэхаублэурэ къафэм щаIэ зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ, щызэроцIыху, унагъуэхэм зэгъусэу нэгузыужьу зэманыр щагъакIуэ. НыбжьыщIэхэм сыхьэт бжыгъэ хэхакIэ псыутхым и Iэгъуэблагъэхэм къыщажыхь абдеж щат шыхэмкIэ, лъакъуэрыгъажэхэмкIэ, цIыху зыбжанэ зэрыхуэ электромашинэмкIэ. Къалэм и щIыуэпс къулейм къыдэкIуэу, псыутхым и дахагъым хьэщIэхэри итхьэкъуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

---

# Нэхъыжьи нэхъыщIи зэгъусэу

● Щэбэт щIыхьэху

**Мэлыжьыхьым и 29-м Налшык къалэ щрагъэкIуэкIа щэбэт щIыхьэхум хэтащ курыт еджапIэ №32-м и еджакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ. Абыхэм ягъэкъэбзащ Ветеранхэм я советым и хэщIапIэмрэ КъБР-м и МВД-м и Тхыдэ музеймрэ я Iэгъуэблагъэр.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иным хуагъэпса а Iуэхум цIыху 50 хэтащ. Ветеранхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къахыхьащ Московскэ уэрамым тет 10-нэ унэм щыпсэухэри. Абы нэхъыбэу щIэсыр кърал кIуэцI Iуэхухэмкlэ къулыкъущIапIэхэм щылэжьахэрщ.

Лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ а махуэм, пщIантIэм пхъэнкIийр дашащ, музейр зэщIакъуащ, абы щIэлъ хьэпшыпхэр зэпалъэщIыхьащ.

Ветеранхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэрызэдэлэжьар и зы щапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ яхэлъу, хэкупсэу къэхъуным нэхъыжьхэм гулъытэ зэрыхуащIыр.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

---

♦**Печатыр зыми и унафэ щIэмытыным и дунейпсо махуэщ**. ЮНЕСКО-м и унафэкIэ ягъэлъапIэ. 1991 гъэм Намибием и къалащхьэ Виндхук Iэ щытрадзащ кърал псоми я правительствэхэм зэрызыхуагъэзар. Абы кърал унафэщIхэр къыщыхураджэрт прессэр щхьэхуиту, демократием и хабзэхэм тету лэжьэныр къызэрагъэпэщыну.

♦**Дыгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Мыпсэлъэным и дунейпсо махуэщ**

♦**США-м щагъэлъапIэ Егъэджакlуэм и махуэр**

♦**Польшэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**Японием и Конституцэм и махуэщ**

♦**1902 гъэм** США-м «Пепси» компаниер къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1957 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ колхозхэр совхозу зэхъуэкIыным теухуауэ.

♦Урысей тхакIуэ, драматург, актёр, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Инин Аркадий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист **Нечаев Леонид** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Куржы шахматисткэ, дуней псом и чемпионкэ **Гаприндашвили Нонэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ, публицист, критик, «Триумф», «ТЭФИ» саугъэхэр зрата **Толстая Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Андрейченкэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей хьэрычэтыщIэ, политик, «Гражданская платформа» партым и къызэгъэпэщакIуэ **Прохоров Михаил** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 – 20, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## ФIы зыщIэ упщIэжрэ?

---

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 6.28-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 6.28-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м*
*№665-П-П*

---

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 6.28-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым, №66-РЗ-м щIэту 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащтам, и 6.28-нэ статьям къару имыIэжу къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м*
*№10-РЗ*

---

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 12-нэ статьям и 2-нэ пунктым къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 12-нэ статьям и 2-нэ пунктым къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АФЭЩIАГЪУЭ Михаил**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м*
*№669-П-П*

---

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 12-нэ статьям и 2-нэ пунктым къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 12-нэ статьям и 2-нэ пунктым (правовой информацэмкIэ официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru) къару имыIэжу къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м*
*№13-РЗ*

---

● ЗэIущIэхэр

# Лъэпощхьэпохэр щымыгъэIэн

**КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Ныкъуэдыкъуэхэм я IуэхухэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ махуэку кIуам иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Ахъуэхъу Таймураз.**

НЫКЪУЭДЫКЪУЭХЭМ, цIыху лъэрымыхьхэм тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщыныкIэ зэфIагъэкIхэм тепсэлъыхьащ республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. 2016 гъэм «КъБР-м ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи Iэпкълъэпкъ къызыдэмыбзхэмрэ тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщыным теухуа кърал программэм псори зэхэту сом мелуан 1473-рэ хуаутIыпщащ. Абыхэм ящыщу сом мелуан 24-рэ мин 476,6-р федеральнэ, сом мелуан 19-рэ мин 996,4-р республикэ бюджетхэм къыхэкIащ.

Министерствэм сом мелуани 8-рэ мин 737,7-рэ тригъэкIуэдащ социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и IуэхущIапи 7-м пандусхэмрэ убыдыпIэхэмрэ щыгъэувыным.

Зи гугъу тщIы кърал программэм ипкъ иткIэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ къащэхуащ гъуэлъыпIэ тыншхэр, зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэм, щIагъуэу зэхэзымыххэм къагъэсэбэпыну ноутбукхэр, программэ хэхахэмкIэ лажьэхэр.

Нэгъабэ лъандэрэ къызэIуахауэ мэлажьэ «социальнэ такси» зыфIаща IуэхутхьэбзэрI. Ар къагъэсэбэп зи ныбжьыр илъэс 75-м щIигъуа ныкъуэдыкъуэхэм, цIыху лъэрымыхьхэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм. Абы къыдэкIуэу къызэIуахащ зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм видеотелефон пыщIэныгъэ хуаIэныр къызэзыгъэпэщ диспетчер центр.

Iэпэтэрмэшкlэ зэрыпсалъэ бзэм цIыху 32-рэ хурагъэджащ. Ахэр къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я IэщIагъэлIхэщ, школхэм щезыгъаджэхэщ, медико-социальнэ экспертизэмкIэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэщ.

Чэзур къыщылъысым, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ШынтIыкъу Иринэ** тепсэлъыхьащ инклюзив программэр, сабий сымаджэхэр ныбжьыщIэ узыншэхэм яхэсу еджэным теухуар, зэрагъэзащIэ щIыкIэм. КъБР-м сабий ныкъуэдыкъуэу 1602-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу 726-р къалэхэм дэсщ.

Зи узыншагъэмкIэ дагъуэ зиIэхэм ящыщу 1830-р ирагъаджэ. Абыхэм ящыщу 145-м папщIэ къагъэсэбэп унэм щIэсу егъэджэн Iэмалыр. Ныкъуэдыкъуэхэр лъэпощхьэпоуншэу еджэнымкIэ Iэмалхэр къащыхузэрагъэпэщащ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIи 128-м. Псалъэм папщIэ, Приближнэ станицэм щыIэ коррекцэ школ хэха №2-м, Налшыкрэ Тэрчрэ дэт сабий садхэу №№32-м, 3-м зи узыншагъэмкIэ дагъуэ зиIэхэр зэрыщрагъэджэну программэхэр яIэщ. Хьэмдэхъум и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледжми ахэр зыхуеину IэмэпсымэхэрщIагъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжыр инклюзив щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ нэхъыщхьэ ящIыну я мурадщ икIи мы Iуэхум сом мелуани 3-рэ мин 679-рэ хухахащ (абыхэм ящыщу сом мин 300-р республикэ бюджетым и ахъшэщ).

ЗэIущIэм зыщытепсэлъыхь программэр езыр зи унафэщI IэнатIэм гъэзэщIа зэрыщыхъум и гугъу ищIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Расторгуевэ Светланэ**. Мы Iуэхум сом мелуани 5-рэ мин 854,7-рэ хухахащ (абыхэм ящыщу сом 1 мелуанрэ мин 600,3-р федеральнэ бюджетым и ахъшэщ). IуэхущIапIи 4-р ныкъуэдыкъуэхэр ирагъэблэгъэным хуэхьэзырщ. 2017 гъэм иджыри поликлиникэу 7-м апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къызэхуэсахэм яжриIащ Сурэт гъуазджэхэмкIэ музеймрэ библиотекэу 4-мрэ зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэмрэ щIагъуэу зэхэзымыххэмрэ папщIэ пандусхэр, убыдыпIэхэр зэрыщагъэувар. Мы гъэм а бжыгъэм иджыри къыхэхъуэнущ республикэм щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэу 4.

КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур** къыхигъэщхьэхукIащ программэр гъэзэщIэным федеральнэ субсидиеу сом мелуани 9-рэ мин 704,5-рэ, республикэ ахъшэу сом мелуани 4-рэ мин 305,9-рэ къызэрыщагъэсэбэпар. Абы къыдэкIуэу КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт-адаптацэ школым - республикэм щыIэ апхуэдэ IуэхущIапIэ закъуэм - зыхуеину Iэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ.

Апхуэдэу кърал программэр гъэзэщIэным зэрелэжьым тепсэлъыхьащ республикэм ТранспортымкIэ и кърал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Ульбашевэ Елизаветэрэ** КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и кърал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Конаков Хьэсэнрэ**.

«Урысей ЦIыхубэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Бэкъей Евгений** къызэхуэсахэр къыхуриджащ иджыри зыхунэмысахэм гулъытэ хуащIыну. Псалъэм и хьэтыркIэ, ныкъуэдыкъуэхэр зыдэмыкIуеифыну бордюрэхэр зэрыщыIэм.

ЗэIущIэм и кIэухым яубзыхуащ къэкIуэну зэманым Советыр зэлэжьынухэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

---

● Студент гъатхэ

# Къеблагъэ, фестиваль!

**Къэбэрдей-Балъкъэр кърал университетым къыщызэIуахащ «Студент гъатхэ-2017» зэхыхьэр. Абы хэтащ КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий, гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ IуэхухэмкIэ проректор Къумыкъу Iэуес, ТхыдэмкIэ, филологиемрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ институтым и унафэщI Тэмазэ Муслим.**



Алътуд Юрий

- МЫ МАХУЭ дыгъэпсым ди республикэм и студент щIалэгъуалэ нэхъыфIыр зэхыхьэм зэрыщыслъагъум сыщогуфIыкI. Мы илъэсым университетым юбилеитI иIэщ - КъБКъУ-р къызэрызэIуахрэ илъэс 85-рэ ирокъу, «Студент гъатхэр» илъэс 60 хъуауэ йокIуэкI. Сэ сощIэ егугъуу махуэшхуэм зэрызыхуэвгъэхьэзырар. Зэхыхьэм хэтыну гуп 14-ми зэфIэкI лъагэхэр къэвгъэлъэгъуэну согугъэ. ЕхъулIэныгъэ зиIэнур нэхъ лъэщырщ, - жиIащ фестивалым хэтхэм защыхуигъазэм Алътуд Юрий.

«Студент гъатхэ-2017» фестивалым зы утыкум щызэхуишэсащ университетым къепха еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэс ныбжьыщIэхэр. Псори темыпыIэжу ежьэрт зэхыхьэм щыщIидзэнум, япэу утыкум къихьэнут нэгъабэ фестивалым щытекIуахэр - КъБКъУ-м ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым и студентхэр.



Фестивалым и къэпщытакIуэ гупым хэтщ щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм ящыщщ УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист Шыбзыхъуэ Басир, КВН-м и краснодар лигэм и чемпион, КВН-м и премьер-лигэм хэт, актёр Шэт Атмир, «Балкария» кърал ансамблым и солисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ Жанатаевэ Ирэнэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, «MagicBand» гупым и солисткэ Ракитинэ Иринэ, уэрэджыIакIуэ Царикаевэ ФатIимэ, артист, пародист, жылагъуэ лэжьакIуэ Дзэгъащтэ Азэмэт сымэ.

Фестивалыр махуищкIэ екIуэкIынущ. Концерт программэм и лъабжьэу щытын хуейщ «КъБКъУ-м и илъэс 85-р иджыри лIэщIыгъуэ ирикъуркъым» къыхуеджэныгъэр, зэхыхьэм хэт гупхэр щеджэ факультетым, институтым, колледжым я щыIэкIэ-псэукIэр.

**ДОЛ Иннэ.**

---

● Шэрэдж щIыналъэ

# Псы Iуфэхэр ягъэкъабзэ

**Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ жылагъуэхэм псы Iуфэхэр гъэкъэбзэным пащэ. Район администрацэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, ЩIыуэпсым и илъэсу ягъэува 2017 гъэм зэфIахыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылащ. Абыхэм ящыщ зыщ цIыхухэм къагъэсэбэп псы ежэххэм я щытыкIэм кIэлъыплъыныр.**

МЭЛЫЖЬЫХЬ мазэм къриубыдэу Безенги, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм псы Iуфэ къудейуэ километритIым нэблагъэ щагъэкъэбзащ. Лэжьыгъэм щыпащащ Зэрэгъэж, Аушыджэр, Къэщкъэтау жылагъуэхэм. Мы зэманым нэхъ гугъу зыдехьыр пластик пкъыгъуэхэр псы Iуфэхэм зэрыщызэтрихьэрщ, ахэр псым кърихьэхынкIэ мэхъу, псы Iуфэхэр кIэрыхубжьэрыху гъэтIылъыпIэ зыщIхэри мащIэкъым.

«Псы къабзэ» зыфIаща Iуэхур Аруан, Лэскэн щIыналъэхэми щокIуэкI.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

---

● Аруан щIыналъэ

# Зауэм хэтахэм гулъытэ хуащI

**Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Аруан щIыналъэ советым хэт нэхъыжьхэр жылагъуэ Iуэхухэм хуэжыджэрщ.**

АБЫ И ПЭЩIЭДЗЭ организацэу районым 15 щолажьэ. Иджыблагъэ апхуэдэ зэгухьэныгъэ Шытхьэлэ къуажэми къыщызэрагъэпэщащ. Аруан районым щыщу Хэку зауэшхуэм цIыху 3600-рэ хэтати, 2100-р хэкIуэдащ. Къэзыгъэзэжахэм ящыщу мы зэманым псэужыр цIыху 13 къудейщ. Мы къэнэжа мащIэм я гукъыдэжыр къэIэтыным, ядэIэпыкъуным теухуауэ щIыналъэм Iуэхуфl куэд щызэфIах. Апхуэдэщ илъэс къэс ирагъэкIуэкI «ГущIэгъум и мазэр», коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ, унагъуэ IуэхухэмкIэ зэрызыщIагъакъуэр.

Иджыпсту районым и организацэхэм зыхуагъэхьэзыр зауэм хэта дэтхэнэ зымкIи лъапIэ Накъыгъэм и 9-м. ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкIыну зэIущIэхэм, пшыхьхэм нэхъыжьхэр ирагъэблэгъэнущ. Абыхэм хэтыну зи къарум къимыхьыжхэм хъуэхъу телеграммэхэмрэ махуэшхуэ тыгъэхэмрэ унэм хуахьынущ.

Иджыпсту щыщIэдзауэ щIалэгъуалэр щоплъыр зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж, абыхэм я хъуреягъыр зэщIагъэкъабзэ, удз гъэгъахэр щыхасэ.

Ветеранхэм я щIыналъэ советым иджыблагъэ унэщIэ кърат ащ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ управленэм и хэщIапIэу щытар. Ар егугъуу зыхуей хуигъэзащ район администрацэм, хьэрычэтыщIэхэу Бэджий Русланрэ Щоджэн Викторрэ къадэIэпыкъуу. «Ветеран» газетым Iэ тедзэнымкIэ нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуащ Мэшыкъуэ Барэсбий.

**БОРЫКЪУЕЙ Мирон,**
*Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Аруан щIыналъэ советым и унафэщI.*

● ДифI догъэлъапIэ

# ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ АфэщIыж Тыркубий

**Тхыдэдж щыпкъэ, социологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгей къэрал университетым и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик АфэщIыж Тыркубий Индрис и къуэр ди лъэпкъым и IэщIагъэлI цIэрыIуэхэм ящыщщ. Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник АфэщIыж Тыркубий и Iуэху зехьэкIэ пэрытым, бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэмрэ щIэныгъэ куумрэ фIыуэ щыщыгъуазэщ Урысей Ипщэ щIыналъэм икIи пщIэшхуэ къыщыхуащI. ЛъэпкъылI щэджащэм и ныбжьыр накъыгъэм и 1-м илъэс 80 ирикъуащ.**



АФЭЩIЫЖ Тыркубий и сабиигъуэр ещхьт езым хуэдэ ныбжьыщIэ минхэу Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэ, абы и мафIае илъэсхэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм. 1937 гъэм накъыгъэм и 1-м ар къыщалъхуащ Адыгей щIыналъэм и Улап беслъэней къуажэ цIыкIум. Бынунагъуэшхуэм къыщыхъу дэтхэнэ сабийми хуэдэу, ар къэтэджащ хабзэрэ нэмысрэ хэлъу, гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ къапимыкIуэту, дунейм, гъащIэм я зэхэлъыкIэхэр фIэгъэщIэгъуэну.

- Си сабиигъуэм щыщу си нэгу къыщIыхьэж теплъэгъуэхэм ящыщщ зэныбжьэгъу щIалэ цIыкIухэр дыIэпцIэлъапцIэми дыныбэнэщIми, абыхэм щхьэкIэ уэтт щымыIэу, тлъагъу, зэхэтх псори тфIэхьэлэмэту дыкъызэрытэджар, - игу къегъэкIыж Тыркубий. - Псом хуэмыдэжу цIыкIухэр дыдахьэхырт ди адэшхуэхэм яIуэтэж хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэм, ахэр сытым ехьэлIами ди зэхуэдэу. Ди жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр къуажэ утыкум деж щызэхуэсамэ е пщIэшхуэ зыхуащI зыгуэрым и куэбжэпэм къыщызэтеувыIамэ, абдеж занщIэу дыкъыщыхутэрт хьэблэ сабийхэри. КъэхъукъащIэхэм, я псэукIэ-щыIэкIэхэм тепсэлъыхьа нэужь, хабзэ хъуати, а зэхуэзэхэр иухырт ди лъэпкъым, дыщалъхуа щIыпIэм я тхыдэм теухуа хъыбарыжьхэмкIэ.

Апхуэдэхэм деж щIалэ цIыкIухэм, дауи, адэшхуэхэм жаIэ дэтхэнэ псалъэри «зыщIашэрт», псы хуэлIа къэкIыгъэм ещхьу, я лъакъуэхэр я шэнту щыму щысу. И сабиигъуэм зыщIэдэIуа апхуэдэ хъыбархэр и гъуазэу, къызыхэкIа лъэпкъ уардэм и блэкIам теухуауэ нэхъыбэ къызэрищIэным щIэхъуэпсу, ар и мураду балигъыпIэм нэсащ Тыркубий. Я жылэм дэт илъэсибл школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Мейкъуапэ дэт медицинэ училищэм. Ар диплом плъыжькIэ къиухри, фельдшеру илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ медицинэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Зыхуеджа IэщIагъэр и псэм къыдыхьэми, АфэщIыжым и гупсысэхэм хэтт и сабиигъуэм зыщIэхъуэпсу щыта Iуэхугъуэхэр: ар хуейт къызыхэкIа лъэпкъым теухуауэ нэхъыбэIуэ къищIэну, къиугъуей псори итхыжыну. Апхуэдэ мурадхэр и тегъэщIапIэу Тыркубий щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым икIи, зэрылажьэм хуэдэурэ, ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ 1967 гъэм.

Тхыдэдж IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта АфэщIыжыр уващ Адыгейм и Красногвардейскэ районым къыщызэIуаха «Дружба» газетым. Абдеж абы зыкъыщигъэлъэгъуащ зи гупсысэхэр куу, зи къалэмыр жан, жэуаплыныгъэ зыхэзыщIэ журналист IэкIуэлъакIуэу. Абы гу лъамытэу къэнакъым «Социалистическэ Адыгей» областной газетым и редактор нэхъыщхьэ Андырхъуей Жантемыр, щIыналъэ радиокомитетым и пашэ Жанэ Къырымызэ, усакIуэ икIи журналист Пэрэныкъуэ Мурат сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм АфэщIыжыр ирагъэблэгъащ лъэпкъ газетым икIи илъэс куэдкIэ абы и зэфIэкIхэр ирихьэлIащ адыгей журналистикэм зиужьыным. Апхуэдэу 1975 - 1977 гъэхэм Тыркубий лэжьащ Краснодар тхылъ тедзапIэм и Адыгей къудамэм и унафэщIу. АфэщIыжым тхылъ тедзапIэм Iуэху зехьэкIэщIэм и мардэхэр хилъхьащ, щIыналъэм къыщыдэкI тхылъхэм я бжыгъэми я фIагъми хэхъуащ абы щыгъуэ. КъинэмыщIауэ, утыкум къиша хъуащ нобэ Адыгейр зэрыгушхуэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я нэхъыбапIэр.

Тыркубий апхуэдэуи иригъэкIуэкIырт къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. 1975 гъэм абы хьэзыр ищIащ и кандидат диссертацэр икIи ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ. ЩIэныгъэм нэхъ кууэ зезыт IэщIагъэлIыр 1978 гъэм ирагъэблэгъащ Адыгей къэрал университетым. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьу щIэзыдза Тыркубий зэман кIэщIым къриубыдэу хъуащ абы и доцент, профессор. 1992 гъэм АфэщIыжым утыку кърихьащ и доктор диссертацэр. «Дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэр - лъэпкъым хэлъыпхъэ дзэ щэнхабзэм и лъабжьэщ» къэхутэныгъэ лэжьыгъэр АфэщIыжым щыпхигъэкIащ Москва дэт къэрал университетым икIи социологие щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыфIащащ.

Адыгейм щыщу АфэщIыж Тыркубийщ япэу социологиемкIэ доктор хъуар. ЩIэныгъэм а и унэтIыныгъэм щIыналъэм зыщиужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ абы. 1992 гъэм Адыгей къэрал университетым къыщызэIуихащ социологиемкIэ къудамэ щхьэхуэ. КъыкIэлъыкIуэу Тыркубий къыдигъэкIащ «Социологие курсыр зэрегъэджыпхъэ программэ», «СоциологиемкIэ семинар дерсхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэ планхэр» тхылъхэр. 1995 гъэм АКъУ-м къыщызэIуахащ философиемрэ социологиемкIэ кафедрэ. Абы и унафэщIу ягъэуващ АфэщIыж Тыркубий.

Илъэс 40-м нэсащи щIэныгъэлIыр пэрытщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм. А зэманым къриубыдэу абы и нэIэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ щIэныгъэхэм я кандидатрэ доктору куэд. Тыркубий и гъэсэнхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм, Кубаным, Адыгейм я вузхэм щезыгъаджэхэр. Апхуэдэу АфэщIыжым и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 130-м щIигъу, монографие щхьэхуэри хэту. Абыхэм ящыщщ «Социологиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ: дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр», «ЩIэныгъэм къыхыхьэ макъыщIэхэр», «Социологие», «Социологие терминхэм я псалъалъэ», нэгъуэщI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. Абыхэм къинэмыщIауэ, Тыркубий итхащ адыгэ лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэм, къыщалъхуа къуажэм и цIыху пэрытхэм ятеухуа повестхэр, рассказхэр, очеркхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэщ илъэси 100-кIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм теухуа «Псыхъуэм къыщыIуа фоч уэ макъ» тхылъыр. А тхыдэ-дэфтэр повестыр Тыркубий и къалэмыпэм къыпыкIащ 1999 гъэм.

Лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа АфэщIыж Тыркубий гулъытэншэ хъуакъым. Абы хуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, цIэ лъапIэхэр. Абыхэм ящыщ «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр АР-м и дамыгъэ нэхъ лъапIэхэм халъытэ. Ар щалъхуа Улап жылэм щIыхь зиIэ и цIыхущ. ЩIэныгъэлI щыпкъэр Урысей экологие академием и член-корреспондентщ, УФ-м Социологие щIэныгъэхэмкIэ и академиеми и академикщ, абы Адыгейм щиIэ къудамэм и тхьэмадэщ.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм, къэхутакIуэ емызэшым, тхакIуэ, журналист IэкIуэлъакIуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узыншэу, гукъыдэж иIэу куэдрэ лъэпкъым тхуэпсэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

**Ди хэкум и дэтхэнэ и зы къуажэми иIэщ абы и цIыхухэм зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъу щIыпIэ пыухыкIа. Сэ сыщалъхуа жылэжьми, Къэбэрдейми Джылахъстэнейми зыхамыгъэхьэ Борыкъуейм, дэсхэми я нэу, я псэу щытащ «ЩIыщIэжькIэ» зэджэ щIыпIэ телъыджэр. И сабиигъуэр абы зэрыщигъэкIуар, и псэм зэрыдыхьар арагъэнущ Сокъур Мусэрбий и усэ тхылъхэм ящыщ зым «ЩIыщIэжь» щIыфIищар.**

● Къалэдэсым и гукъэкIыжхэр

# Гъуэбжэгъуэщ

Къэхъуа Iуэху

ГУРЫГЪУАЗЭКIЭ жыпIэмэ, и инагъкIэ ар гектар 400-м нызэрохьэс. Ищхъэрэкlэ зэдехыу ар йоуалIэ Тэрч бгъурылъ мэз абрагъуэм, къуэкIыпIэмкIэ, вапIэ щIапIэхэр Iыхьитlу зэпиуду, къыщылъщ зи инагъкIэ зэхуэмыдэ, IэпапIэ-IэпапIэурэ хуей зыбжанэ зыхэгуэша гъуей мэз цIыкIу. А лъэныкъуэмкIэ абы и гъунапкъэр КъалэкIыхьымрэ Владикавказрэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгурщ. КъухьэпIэмкIэ ЩIыщIэжьым къыпылъщ МэртэзеищIыр, а тIум я гъунапкъэр къигъэлъагъуэу, мывэ тур ини тещIыхьащ. Мэз лъапэм декIуэкI гъуэгум узэпрыкIмэ, къибыргъукIыу псынэ телъыджэ къыщIож. ЩIым бэрычэту, тхъурымбэ къищIу къыщIэж зэнзэныпсым ущызэкIэщIэплъу гуэл хъуреишхуэ къигъэщIащ. Абы и Iуфэм уIуту ухэплъэмэ, уолъагъу аргъей пIащэхэр зым и ужь адрейхэр иту зэрыщерсыр. Гъэмахуэм и нэхъ хуабэгъуэми ар щIыIэщ укъигъаскIэу икIи къабзэщ, лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж сабии балигъи абы зыщагъэпскI. Тэрч Iуфэ къыщыщIэж псы цIыкIу зыбжанэм ягъэгушхуэри, ар псышхуэ мэхъу; абырэ Тэрчрэ зэхэмыхьэу, зэбгъурыту километр зытIущ зэдажри, ар гъущI гъуэгу лъэмыжым ипщэIуэкIэ и анэшхуэм хохуэж.

А псыежэх цIыкIум и Iуфэм зауэм ипэкIэ IуащIыхьауэ щытащ бригадэ унэ къекIу, абы къыбгъэдэтащ пщэфIапIэ, шхапIэ, зытхьэщIыпIэ. Зауэ илъэсхэм хэпщIыкIыу нэхъ фаджэладжэ хъуами, ар екIуэкIа зэрыхьзэрий къомым къелащ. Сабий зиIэ бзылъхугъэхэр къуажэм яшэжырти, бригадэ лIыжьхэмрэ хьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэ щхьэкIэ лэжьэн хуей хъуа щIалэгъуалэмрэ жэщкIэрэ абы къытенэрт.

Гъуей мэз цIыкIум и ижьырабгъумкIэ Тэрч бгъурыту ежэх псыпцIэм еуалIэу щылъащ алэрыбгъу щхъуантIэу нэр зытепщIыпщIэ жылгъэн губгъуэшхуэ. Абы и жыгхэр щIым теубгъуауэт къызэрыкIыр, абыхэм егъэлеяуэ лъабжьэшхуэ яIэти, езыхэм ящымыщ зыхагъэхьэртэкъым, ящIыгъуу къэкIыну къару хуагъуэтыртэкъым. А губгъуэ щхъуэшыр Хэку зауэшхуэм ипэкIэ трактор лъэщкIэ явэри, и лъапсэр ягъэгъущащ, гъунэжу къыхатхъа лъабжьэхэр жылэдэсхэм пхъэгъэсыну зэманыфIкIэ яхурикъуащ.

Илъэс къэс, губгъуэ мэракIуэр зэрыхъуу, хьэблэ сабийр дызэрызехьэу а гъуей мэз цIыкIум дыкIуэрт. Абы и хуейхэм ар телъыджэу щыбагъуэрт. Иджы жыпIэкIэ я фIэщ пхуэмыщIынкIэ хъунщ, ауэ узримыгъэплъу плъыжьыбзэрэ Iум иткIухь, IэфI мэракIуэр апхуэдизу абы щыбагъуэрти, дыщыту къыпытчыныр къыдэхьэлъэкI щыхъукIэ, дыгъуэлъырти тшхырт, унэм къэтхьынуи ди гущхьэ къэкIыртэкъым.

НэгъуэщI зы гукъэкIыж IэфIи си щхьэкIэ хузиIэщ ЩIыщIэжьым. Нэхъ гъунэгъуу, гъуэгуакIуэ мыхъуу борыкъуейдэсхэм Бжейкъалэ (иджы Александровкэ) узэрыкIуэ гу гъуэгу къагъэсэбэпу щытащ. Си нэгу иджыри щIэтщ сысабийуэ, щIымахуэ уаеу, шы дэгъуитI зыщIэщIа Iэжьэм сису, нэгъуэщIхэм яхэмыгъуащэ мэкъумэ гуакIуэр жьэдэсшэу, щIакIуэ фIыцIэм сыкIуэцIылъу Семэн ЛутIэ, Александровкэ дэт крахмал заводым къулыкъу щызыщIэу щыта ди малъхъэм, я деж сызэришэгъар.

Зауэ нэужь лъэхъэнэхэм а жэнэт лъапсэр жылэжьым IэщIагъэкIащ, Тэрч Iуфэ мэзри, абы бгъурыт псыежэх хъарзынэхэри, сытым щыгъуи гъавэ бэв къызытекIэу щыта щIы берычэтри яфIэкIуэдащ. Псалъэмакъыншэу, къаугъэ къамыIэту си къуажэгъухэм ар зэрызыIэщIагъэкIар нобэр къыздэсым сигу къоуэ, ещIапIэ иджы зэримыIэжыр къызгурыIуэ пэтми.

ЩIыщIэжьым нэIуасэ фыщыхуэхъуакIэ, иджы езы хъыбарми щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

1944 гъэм и бжьыхьэ мазэт, Хэку зауэшхуэри и гуащIэгъуэу екIуэкIырт. Гугъуехьищэхэр пылъу а щIыпIэм гъатхэм хагъэзэгъа нартыхур а илъэсым щыбэгъуат. Зи адэр зауэм щыIэ, бынунагъуэшхуэм я нэхъыжь, илъэс 15 фIэкIа мыхъу сэ, анэмрэ сабийхэмрэ къызэрысщыгугъыр къызгурыIуэри, еджапIэр къэзгъанэри колхозым сыщылажьэу щIэздзащ. Нэхъ пасэхэми выгу зэщIэщIа зесхуэу зэрыщытар къалъытэри, бэлыхь Iэджэ зи фэ дэкIа, фIыуэ зи ныбжь хэкIуэта выжьитI къызат, ауэ ахэр зыщIэсщIэну гур къыщызагъэлъагъум - яхуэздакъым. Псалъэмакъ къыщикIым, шэрхъхэр кIыщым яшэри зэщIакъузэж, гупхъэхэр пхъащIэм зэрегъэпэщыж, сэ къысхуэнэжыр зыти, арэзы сытемыхъуэу хъуркъым.

Лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр згъэзащIэу зэман гуэрхэр екIуэкIауэ, ещанэ бригадэм и унафэщIым, пыIэр къэхь жаIэрэ унафэ къыхуащIамэ, щхьэр зыхьыну хьэзырым, къызжеIэ нартыхудэчым зэрыщIадзэр, хьэблэ цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ си гумкIэ ЩIыщIэжьым пщэдджыжь жьыуэ сшэн зэрыхуейр. Си къалэныр абыкIэ зэрызэфIэмыкIыныр сэри къызгурыIуэрт, ауэ, си выжьитIым я ныбжь фIыуэ зэрыхэкIуэтам емыплъу, нартыху къыдачыр элеваторым зышэхэм сыхагъэхьэну си пщIыхьэпIи къыхэхуакъым.

ХьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэ фIэкI зыIумыхуэ лэжьакIуэхэр тхьэмахуэм щIигъукIэ я къару емыблэжу лэжьащ. Сэ нэхъыбэм зэ фIэкIа элеваторым сыкIуэртэкъым, ар зыдэт Мэртэзей вокзалыр (иджы Тэрч къалэ) тпэмыжыжьэ пэтми. Сыкъыщыдэхуэ зэманхэм си выжьитIыр щIэстIыкIыурэ згъэхъуакIуэрт, сыт щыгъуи сахуэсакъырт, къэдыгъуауэ нартыху щезгъэшхи щыIэт. Зэгуэрым ди бригадирым витIым нартыху яхуэсхьу сыкъиубыдати, и жьэ къихь фIейр къыстрипIащ, сригъэгъэтIысынуи сыкъигъэгугъащ, езым гущIэгъушхуэ хэлъу закъыфIигъэщIыну: «Ди цIыхухэр шхын щхьэкIэ зэтолIэ, уэ выхэр нартыхукIэ уогъашхэ», - къыскъуидзэжащ.

Зы махуэ гуэрым, шэджагъуэ нэужьыфI хъуауэ, тIэунейрэ элеваторым сыкIуауэ, сэри витIми зыгъэпсэхугъуэ гуэр къызэрытхуихуэнур си гуфIэгъуэу хьэсэм сыкъыхохьэж. Бригадэ унэмкIэ сыкIуэну сыщежьэ дыдэм, бригадир емынэр къыIуохьэ. Си мурадыр щыжесIэм, къысхуидэркъым, нартыху самэ къыдэчауэ хьэсэм зэрыхэлъыр, игъэкIуэн нэгъуэщI зэримыгъуэтыр, жэщым ар мыбы къыхэнэ зэрымыхъунур, ядыгъункIэ зэрышынагъуэр къысхурегъэкIуэкIри, унафэ къысхуещI икIэщIыпIэкIэ псори зэхуэсшэсу нартыхур гум ирезгъэкIутэну. ЛэжьакIуэхэр псынщIэу зэхуосри, нартыхур гум ирагъэзагъэ, зи нэщхъыр зэхэкIыжа бригадирри арэзы хъуауэ IуокIыж, элеватор нэужьым занщIэу къуажэм сехыж зэрыхъунур къызжеIэри.

ВыжьитIым къазэрехьэлъэкIынур сщIэ пэтми, Iэмалыншэти, дыгъэр щыкъухьэ дыдэм хьэсэм сыкъыхокIри, гъущI гъуэгум бгъурыкI гу гъуэгум сытоувэ, элеваторым сыкIуэну. ЦIыхухэм япэIэщIэ сызэрыхъуу, сызэрихабзэу, сэ нэгъуэщI къалэни си пщэ дэлъти, нартыху гъэлъэлъэным щIызодзэ. Ар гум имылъэлъын щхьэкIэ, си анэм сигу къигъэкIри, абы и лъэгум хуэфIу чэтэн ин изубгъуэри, и кIапиплIыр кIапсэкIэ лъэгум еспхыжат, нэм занщIэу къыIуимыдзэн щхьэкIи мэкъу щаби тезгъэщэщэжри. ТхьэмыщкIагъэм къыдигъэгупсыса а Iэмалым и фIыгъэкIэ пщыхьэщхьэ къэс нартыху гъэлъэлъауэ зы пэгун, пэгунрэ ныкъуэрэ къыздэсшэфырт. Къуажэм цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ сшэжын хуей щыхъукIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, тажьджэр къитхырт, лъэгум хуэфIу илъ мэкъум нартыху гъэлъэлъа хэлърэ хэмылърэ гу лъыптэртэкъым.

Элеваторым кIасэу сынэса щхьэкIэ, къуажэм икIа гухэр куэд зэрыгъэхъуауэ абы и пщIантIэм щызэхэтт. Зы тэлай дэкIауэ си чэзур къоСри, тэрэзэм сытохьэ, иужькIи гур ерагъпсэрагъкIэ соунэщI. ИкъукIэ сыгуваущ, гъуэлъыжыгъуам фIэкIауэщ сэ гъуэгу сыкъыщытеувар. Къалэну си пщэ дэлъахэр згъэзэщIауэ, фIыуэ сцIыху гъуэгужьым сыкъызэрытехьэжам щхьэкIи си гур псэхужауэ, иджыри зыгуэрхэр сщIэн хуейуэ къызэрыспэщытри сщыгъупщэжауэ тажьджэм сыздилъым, занщIэу сыIурех. Сыт хуэдиз зэман дэкIами сщIэркъым, ауэ зы Iэуэлъауэ ин гуэрым сыкъегъэуш, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, ар гъущI гъуэгу зэрагъэпэщыжагъащIэм ирикIуа мафIэгур ару къыщIэкIынущ, здэкIуа лъэныкъуэр схузэхэмыгъэкIами. Сыкъызэщыурэ сызэщIэдэIукIмэ, гур хъейркъым, и пIэм итщ, сыщхьэхыпэурэ тажьджэм сыкъиIэбыкIыу выхэм сахэуа щхьэкIэ, загъэхъейркъым. Апхуэдэм деж цIыхум фIы игу къэкIыркъым, сэри япэщIыкIэ си гур здэжар зыщ - си витIыр щIатIыкIыу ирахужьауэ къысфIэщIащ. А зэман хьэлъэм апхуэдэ къозыщIэфынухэри лъахэм гъунэжу щызеуэрт, ауэ сэ нэхъыбэу сызытешынэхьыр си щхьэрт, абы къысхуихьыну хьэлэбэлыкъхэрт. Iуэхур зэрымыщIагъуэр къыщызгурыIуэм, сэ псынщIэу сыкъызэфIоувэ, витIыр зыщIэщIа лъэныкъуэмкIэ сыплъэмэ, тIури игъуэлъыкIауэ загъэбжьыжри гъуэгукум илъщ. Си гур тIэкIу къызэрогъуэтыж, ауэ сыт сымыщIэми дыздынэса щIыпIэри, дыздэкIуэн хуей лъэныкъуэри схузэхэгъэкIыжыркъым, жейм сызэтрихуащи. ВитIыр зыщIэщIа лъэныкъуэмкIэ сыплъэри, нэхугъэ лъэпкъ къысIэщIэлъэгъуакъым, и щIыбагъымкIэ зыкъызогъазэри, нэхугъэ гуэрхэр жыжьэу къыхэцIуукIырт. А нэхугъэр ди къуажэрауэ къысфIощI, витIыр къызогъэтэдж, гум сису абыхэм закъезгъэгъэзэну чнуткIэ сакъыхоуэ, ауэ сыт хуэдизрэ сатемыухьами, а тIум зыкъысхуагъазэркъым. ЕщIапIэ лъэпкъ а ерыщитIым щахуэзмыгъуэтыжым, гум сыкъокI, вытIощыщIэр соубыдри, ди къуажэм узэрыкIуэну сэ къысфIэщI лъэныкъуэмкIэ къытызогъэувэ. Ауэ гум ситIысхьэжыну сыхунэсатэкъым, а тIум, зэгурыIуа хуэдэ, зыкърaIуэнтIыкIыжу зэрыкIуэ лъэныкъуэмкIэ гъуэгум щытеувэжам. А тIум сазэреныкъуэкъун къаруи зэрызбгъэдэмылъыжым, ахэр нэхъ губзыгъэу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунум сегупсысыжри, я Iуэху зесхуэжакъым, гъуэгум и къэхутэнри езы тIум я пщэ дэслъхьэжащ.

Гум ситIысхьэжу дызэрежьэжу, гугъуехьымрэ мэжэщIалIагъэмрэ яужьыгуа сэ аргуэру жейм сыкъреуд. Гъуэгум дызэрытета зэманыр сэ къысхуэгубзыгъыжыркъым, ауэ жей IэфIым сыздыхэтым, шэрхъхэр псым щыхыхьэм ящI макъым сыкъызэщегъэу. КъызэхьэлъэкIыпэу сыкъызэфIэтIысхьэрэ тажьджэм сыкъиплъмэ, гъуни нэзи зимыIэ псы щхъуэш гуэрым дыхохьэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, си жейри занщIэу стоуж, си гур здэжэри щIагъуэкъым - витIым Тэрч сыхашэу къысфIощI. ХэкIыпIэ гуэр къэзгъуэтыну сыкъызэфIэувэрэ нэхъ набдзэгубдзаплъэу лъэныкъуэ псори къэсплъыхьу щыщIэздзэмэ, сIэщIолъагъуэ адэ жыжьэу псым и гущIыIум иту шу гуэр къакIуэу. Си анэр ефэндыпхъути, къулъхуолэ сигъэщIэну, къурIэным седжэфу сигъэсэну сыт хуэдизрэ хущIэмыкъуами, абы зыри къикIакъым. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуэрщ фасикъми тхьэр зэрыщыIэр къыщищIэжыр, абы и дэIэпыкъуэгъу лъыхъуэу щыщIидзэр. Сэри си нэгу щIэкI а телъыджэлажьэр зыхуэсхьынур сымыщIэу алыхь Iэмыру къыщысфIэщIым, «бисмылахьи рахьмани рахьим» сщIэ тIэкIур, сыздэгужьеям, зытIущрэ къызобж. Псым дыхэту зыкъомрэ дыкIуа нэужьщ, си щыуагъэр къыщызгурыIуэжыр. КъызэрыщIэкIымкIэ, дэ дызыхыхьар ЩIыщIэжьым къикIыу къуажэм ухуэзышэ гъуэгум иIэ псы икIыпIэрт. Борыкъуейм бгъурыж Акъбащ псы ежэхым и зэпрыкIыпIэм гурэ Iэщу щызекIуэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, абы и IуфитI етIысэхам псытепхъэ абрагъуэ къагъэщIащ. ИужькIэ къызэрызгурыIуэжамкIи, а дызыхыхьар псытэкъым, абы тегъуэлъхьауэ щхьэщылъыр бжьыхьэ жэщхэм псым щхьэщыт бахъэрт.

А щIыпIэр езыри гъэщIэгъуэнщ. Акъбащ абдеж къуажэм нэхъ пэгъунэгъу щохъу, ауэ метри 100 - 130-рэ зи лъагагъын бгым жьэхоуэри, зыри зыхуемыщIа къырым и сэмэгурабгъумкIэ зегъазэ, абы бгъурыту километр зытIущкIэ мажэри, Тэрч хохуэж. А бгы лъагэм и ижьырабгъумкIэ ябгынэжа кхъэжьыр къыщылъщ, сэмэгурабгъумкIэ бгы пэнцIыв дыдэм унэ кIыхь гуэрхэр къытетщ, а тIум я кум къуажэм укъызэрыдэкI гъуэгу задэр къох. Псытепхъэр зэрыиным, къэгъэшыпIэм псы куэд зэрыщызэтрихьэм, лъэныкъуитIымкIи бгы лъагэ къызэрыщхьэщытым къыхэкIкIэ абдеж жьы къыдихьэркъым, хуиту зэкIэщIэжа псым бжьыхьэ жэщхэм къыхиху бахъэр зимыгъэхъейуэ абы щхьэщылъщ. Псым щхьэщыту къакIуэу къысфIэщIа шури бгым бгъурыту къехь гъуэгу задэм и лъагапIэ дыдэм а дакъикъэм къытеувауэ арат.

Акъбащ дыхэкIыу сэмэгурабгъумкIэ бгым дэкI гъуэгум дызэрытеувэу, си щыуагъэр къызгурыIуэжащ икIи куэд дымыкIуу занщIэу сыIууащ тIэкIу зызыгъэпсэхуауэ нэху къимыщI щIыкIэ губгъуэм зыгъэзэж хьэсэпэхъумэ Джаурджий Инал. И къалэныр нэсу зэригъэзащIэм и щыхьэту, ар къызоупщI гум зыгуэр илърэ имылърэ. Сэри фIыуэ сыкъиицIыхурт, и къуэм сриныбжьэгъути, зыгуэр илъами, сэ абы зыри къызищIэнутэкъым, сыкъищынуи мурад гуэри иIакъым: «КIуэ, тIу, нэхулъэфI укъикI», - жиIа мыхъумэ.

ЕрагъпсэрагъкIэ ди псэр пичу выжьитIымрэ сэрэ ди унэм дызэрынолъэфэсыж. ПщIантIэм дызэрыдыхьэжу ахэр щIызотIыкI, Iуэм сошэри яшхын гуэрхэр яхузодз, сызэрымэжалIэри сызэрыхуэпари сщогъупщэжри, псынщIэу пIэм зыхызодзэж. Си шыпхъухэм ящIэрт я къалэныр: тажьджэр кърахыу нартыху гъэлъэлъар мэкъум къыхащыпыкIын, сыхамыгъэжаеу пщэдджыжьым жьыуэ сыкъагъэушын зэрыхуейр, цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ нартыхудэч сшэн папщIэ.

Алыхьталэм къысхуигъэфэща си гъащIэм щыщ а зы жэщ-махуэр зауэ зэман хьэлъэхэм апхуэдэу есхьэкIащ, иужькIэ абы къыкIэлъыкIуахэри нэхъ пщIэгъуалэу щытауэ пхужыIэнукъым.

**ПЭЖ Андемыркъан.**





**Урысей, къэбэрдей дзэпщ цIэрыIуэ, дипломат Черкасскэ Къасболэт** *(?-1681 гъэ)*

**Джыназщ, Сунчэлей и къуэ Муцал и къуэ нэхъыжьщ. Тэрч къалэ цIыкIум езым и пщыгъуэр щигъэувыну хуит къызэрищI тхылъыр 1661 гъэм пащтыхь Алексей Михаил и къуэм къритауэ щытащ. Разиным и гупым Астрахань къалэр къыIэщIигъэкIыжащ** *(1670 гъэ)*. **Уэсмэн тыркухэм я Iузэв быдапIэм щебгъэрыкIуэм** *(1674 гъэ)* **къэзакъхэмрэ къэбэрдей зауэлIхэмрэ я пашэу щытащ. Сиваш зэпрыкIыу Къырымым кIуа зекIуэлIхэм яхэтащ, 1676 - 1681 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Тырку зауэм хэтащ. Абы иригъэкIуэкIа дипломат лэжьыгъэм и фIыщIэкIэ Уэсмэн империемрэ Урысеймрэ яку мамырыгъэ дэлъыным теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ** *(1681 гъэ)*.

● Зэпеуэ

# ЩIэблэр, гъуэгур, хабзэр

**Ислъэмей къуажэм щекIуэкIащ инспектор ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ, «Безопасное колесо-2017» зыфIащар. Абы хэтащ Бахъсэн районым и къуажэхэм я школхэм я еджакIуэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэмрэ ГИБДД-м и къудамэмрэ.**

**Зэхьэзэхуэр хуэгъэпсат сабийхэр гъуэгум зэрыщызекIуэн хуейм теухуауэ школхэм щекIуэкI лэжьыгъэм.**



ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я фащэм хуэдэ ящыгъыу ныбжьыщIэхэр зэпеуащ гъуэгум щагъэзэщIапхъэ хабзэм, зыгуэр къэхъумэ, дохутырыр къэсыху ящIэн хуейм теухуауэ. Ахэр лъакъуэрыгъажэкIэ къызэдагъэжащ.

«Ди зэманым, автомобилхэм я лIэщIыгъуэм, гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэгъэпэщыныр Iуэху пажэхэм ящыщщ. А хабзэхэр сабий щIыкIэ едгъэщIэнращ мы псор зытеухуэжар», - жиIащ «МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ГИБДД IэнатIэм и унафэщI ХьэвцIыкIу Руслан.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

● Гъуазджэ

# Зыми емыщхь баритонхэр



**ЦIыхум и гукъыдэжыр къэзыIэт, зыгъэгупсысэ къару хэлъщ макъамэм. Зэманыр нэхъ щыгугъу дыдэми абы цIыхубэм гугъэ яхилъхьэфу къадогъуэгурыкIуэ. Мы зэманым лIэужьыгъуэ куэду ар зэтепщIыкIами, дэтхэнэми егъуэт и гум нэхъ дыхьэн. АрщхьэкIэ а псом я лъабжьэу жыпIэу хъунущ классикэ макъамэр, зэи жьы мыхъур. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Молэ Артуррэ Бозий Зурабрэ классикэ макъамэм къыдэхъуами ярейуэ, ар псэкIэ зэрызыхащIэр ядыболъагъу. Абыхэм я макъым, я утыку итыкIэм теухуа тхыгъэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу ди газет напэкIуэцIхэм зыбжанэрэ къытехуащ.**

КЪЭРАЛ киноконцерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ абыхэм щата концертым къекIуэлIахэм уэрэджыIакIуэхэр ягу зэрыдыхьам шэч хэлъкъым. Пшыхьым щагъэзэщIащ Магомаев Муслим, Элвис Пресли сымэ я уэрэдхэм ящыщ куэд, апхуэдэуи, Накъыгъэм и 9-р къызэрыблагъэм къыхэкIыу, Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэри щIалэхэм жаIащ.

Дербенёв Леонид и псалъэхэр щIэлъу урыс композитор Зацепин Александр итхауэ щыта «Есть только миг» уэрэдыр игъэзэщIэн и пэ, Бозий Зураб жиIащ: «Уэрэдыр щызгъэзащIэкIэ, ар си псэм зэрызыхищIэмкIэ, сэ езым си гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ абы къедаIуэхэм сазэрыдэгуэшэным сыхущIокъу. ЖысIэну уэрэдым къызэрыхэщщи, зэманыр, уеблэмэ зы напIэзыпIэр, зэрылъапIэр къыдгурыIуэн хуейщ. ИтIанэщ абыхэм мыхьэнэ яIэу къыщытхуэгъэсэбэпынур.

Молэ Артур, сыт щыгъуи хуэдэу, къехъулIэу пшыхьым щигъэзэщIащ Магомаев Муслим и уэрэдхэм ящыщ. ЩIалэхэм я пшыхьыр яхуигъэдэхащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Мамбэт Мадинэ.

Пшыхьым къэкIуахэм ящыщ, Налшык къалэ дэт прогимназие №18-м пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Къундет Жаннэ концертыр къызэрыщыхъуам теухуауэ жиIащ: «Мы щIалитIым жаIэ уэрэдхэр сигу ирохь. КъапщтэмэКъапщтэмэ, Бозий Зураб республикэм щекIуэкI концертхэм мызэ-мытIэу сыщедэIуащи, си дежкIэ нэрылъагъущ зэфIэкI зиIэ уэрэджыIакIуэ абы къызэрыхэкIар. Музыкэ театрым щагъэува «Мадинэ» оперэм Къасым и ролыр щигъэзащIэу ар щызэхэсхам и макъым ситхьэкъуат. Апхуэдэ дыдэу «Севастопольский вальс» опереттэми узыIэпимышэнкIэ Iэмал имыIэу абы зыкъыщигъэлъэгъуащ. Молэ Артур классикэ концертхэм хэту седэIуащи, арие куэд къызэрехъулIэр узыгъэгуфIэщ. 2015 гъэм абы Магомаев Муслим и щIыхькIэ концерт и закъуэу итауэ щытащи, ари сигу ихужыркъым. Къапщтэмэ, Молэ Артуррэ Бозий Зурабрэ республикэм и уэрэджыIакIуэ нэхъ щIалэхэм ящыщу гугъэшхуэ уэзыгъэщI, профессионал жыхуаIэм хуэдэщ. Абыхэми адрей ди уэрэджыIакIуэ нэхъ пажэхэми я фIыгъэщ Музыкэ театрым щекIуэкI зы пшыхь блэдмыгъэкIыу дызэрыкIуэр».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Шапсыгъым къратхыкI

# Еутых Iэсият и IэдакъэщIэкI гъэщIэгъуэн

**ГъукIэ, дыщэкI IэпщIэлъапщIэ Еутых Iэсият ди къэралми абы и адрыщIкIи фIыуэ къыщацIыху. Бельгием, Германием, Мэжэрым, Болгарием, Тыркум, Иорданием абы и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщащ. Абы ищIа хьэпшыпхэр Токио, Нью-Йорк, Рим, Лондон, Париж, Берлин, Сингапур дэт музей инхэм, цIыху щхьэхуэхэм я коллекцэхэм щахъумэ. Еутых Iэсият и зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэщ и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Эрмитажым зэрыщекIуэкIар.**

ДЫЩЭКIЫР цIэрыIуэ хъуну зэи хущIэкъуакъым, епIэщIэкIыу и лэжьыгъэр IэхъуэгъуэтегъэкIыу зэфIэзыгъэкIхэми ящыщкъым. Сыт хуэдэ и IэдакъэщIэкIми тхыдэр и лъабжьэу, мыхьэнэ пыухыкIа яIэу, гупсэхуу ещI.

Ди лъэпкъэгъу, дирижёр цIэрыIуэ, Санкт-Петербург и симфоние оркестрым и унафэщI Темыркъан Юрий илъэс зыбжанэ ипэкIэ дыжьын къабзэм къыхэщIыкIа дирижёр баш тыгъэ хуищIащ абы. Ди эрэм и пэкIэ пщыхэм зэрахьэу щыта фалъэ лъапIэм хуэдэ дыжьыным гъэщIэгъуэну къыхищIыкIри, УФ-м и Президент Путин Владимир абыкIэ хуэупсауэ щытащ бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэр.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Еутыхым и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм ящыщ ди щIыналъэми щахъумэ. Краснодар крайм хыхьэ Хъуэст къуажэм дэт пасэрей члисэр щIэрыщIэу щызэрагъэпэщыжым сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ. Члисэм кIэралъхьахэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ IэщIагъэлI нэхъыфIхэм ирагъэщIащ. Абы халъхьэну бжэкъухэр Еутых Iэсият ирагъэщIыну щелъэIум, «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Езы Еутыхым зэрыжиIэмкIэ, члисэм къыщагъэсэбэпын хьэпшып абы нэхъапэкIэ ищIатэкъым, ауэ дихьэхыу зэрелэжьам и гугъу ещIыж.



Бжэкъу щIыным пэрыхьэн ипэ Iэсият лэжьыгъэ ин зэфIигъэкIащ, а диным и тхыдэм теухуауэ тхыгъэ куэд дыдэ щIиджыкIащ.

- Лэжьыгъэм и нэхъ гугъур Мейкъуапэ щызиIэ лъэщапIэм щысщIащ, - жеIэ и щхьэгъусэм дэщIыгъуу лажьэ Iэсият. - IэщIагъэлIхэр щыгъуазэщ ар пэщэщэнейуэ, хьэлъэу зэрыщытым. Лэжьыгъэм и кIэух Iыхьэр щагъэзэщIэж Санкт-Петербург зыбжанэрэ сыкIуэн хуей хъуащ. Гъуаплъэм урилэжьэну тыншкъым, ауэ сэ мы Iуэхум хуабжьу гупсэхугъуэ къызитащ. Си зэфIэкI псори есхьэлIащ абы.

Еутыхым жеIэ а бжэкъухэр ищIыным езым и дежкIэ мыхьэнэ ин яIэу зэрыщытар. Абы къытхуиIуэтащ и адэ Еутых Аслъэн илъэс куэдкIэ Адыгейм и муфтийуэ зэрыщытар.

- 90 гъэхэм я пэщIэдзэхэм, чристэнхэмрэ муслъымэнхэмрэ щIагъуэу зэмыпсалъэу, зэхущытыкIэ гугъусыгъу яIэу щытащ, - жеIэ Iэсият. - Зэгуэрым, си адэр а Iуэхум иринэщхъейуэ гу лъыстати, члисэм кIуэуэ диныр зэрызэрахьэм еплъыну сечэнджэщащ. Си адэр члисэм кIуэри, арэзыныгъэ и нэгу къищу къэкIуэжат. ЕтIуанэ махуэм мэжджытым къыщIэбэкъуат члисэм къикIа дин лэжьакIуэ. Республикэм щыпсэу дэтхэнэри зыгъэгузавэ Iуэхухэм я гугъу ящIу ахэр куэдрэ зэпсэлъат. «Дэ дгуэшын диIэкъым - Тхьэр псоми дыдейщ», - къыджиIат абы иужькIэ си адэм.

- Шэч хэмылъу, дэ нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри дгъуэтыну къыщIэкIынт, ауэ ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Еутых Iэсият дыкъызэримыгъэщIэхъуар. Абы хуэдэу дахэу, щIагъыбзэ пыухыкIа щIэлъу бжэкъухэр нэгъуэщI зыгуэрми хуэщIыну фIэщщIыгъуейт, - жеIэ члисэм и протоиерей Александр. Абы зэрыжиIэмкIэ, а тхьэелъэIупIэм хэлъ бжэкъухэм хуэдэ нэгъуэщI зыщIыпIи ущрихьэлIэнукъым.

**НЫБЭ Анзор.**

# Каграманян Станислав Артём и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист пажэ Каграманян Станислав Артём и къуэр.

Абы и юбилей махуэшхуэр игъэлъэпIэным мазитI къудей иIэжу арат - 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м илъэс 70 ирикъунут ар.

Станислав Артём и къуэр Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым 1974 гъэм къыщыщIэдзауэ щылэжьащ. А зэманым къриубыдэу абы жанр зэхуэмыдэхэм хыхьэ роль зэмылIэужьыгъуэу 60-м щIигъу игъэзэщIащ. Абыхэм ящыщщ: Акоп («Ханума»); Белотеловэ («Женитьба Бальзаминова»); Карлсон («Малыш и Карлсон»); Майор («Дамы и гусары»); Сёмин («Четыре капли»); Юрий Михайлович («Жених по объявлению») сымэ я ролхэр, нэгъуэщI куэди.

Илъэс 46-кIэ утыкур зыгъэбжьыфIа актёрыр икIи жылагъуэ лэжьакIуэт, ар Урыс къэрал драмэ театрым и профсоюз комитетым и унафэщIу щытащ. Мызэмытlэу абы къыхуагъэфэщащ театрым, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр. Станислав Артём и къуэм «Театрыр - сабийхэм» (1975 гъэ) еплъыныгъэ-зэпеуэм и Япэ саугъэтыр, ТIыхъужь Алий и цIэр зезыхьэ саугъэтыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

ЦIыху гуапэм, актёр зэчиифIэм и фэеплъ нэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм сыт щыгъуи ягу илъынщ.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэ, Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театр***

● КъБР-м и прокуратурэм

# ХабзэщIэм къару егъуэт

**«Дзыхьщlыгъуэджэ лэжьыгъэ щызэфlагъэкl Iэнатlэхэм я промышленнэ шынагъуэншагъэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2017 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №22-ФЗ-мкlэ автомобилхэм я газ игъэхъуапlэ станцхэр ещанэ классым хыхьэ объект шынагъуэхэм къыхагъэкlащ.**

«ДЗЫХЬЩIЫГЪУЭДЖЭ лэжьыгъэ щагъэзащIэ IэнатIэхэм я промышленнэ шынагъуэншагъэм и IуэхукIэ» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIа Федеральнэ закон №116-ФЗ-м хуащIа дэщIыгъужыныгъэ №2-м и 5-нэ пунктым и япэ пункт гуэдзэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

Абыхэм япкъ иткIэ, автомобилхэм я газ игъэхъуапIэхэр кIэлъыплъакIуэ органхэм дяпэкIэ планкIэ къапщытэжынукъым.

Арами, законыщIэм зэригъэувамкIэ, ещанэ классу къалъытэ псэуалъэхэм хагъэкIа объект шынагъуэхэр щIэрыщIэу реестрым щрамыгъэтхыжмэ, дзыхьщIыгъуэджэ лэжьыгъэ щагъэзащIэ щIыпIэхэм я промышленнэ шынагъуэншагъэм теухуа Федеральнэ законым и 16-нэ статьям и 5-нэ пунктым и «Б» пункт гуэдзэм тету, IуэхущIапIэм е щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэм и IэнатIэр планкIэ илъэсищ къэс зэ къапщытэнущ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Нэхъ жыжьэхукIэ нэхъыфI?

● Футбол

**«СКА-Хабаровск» (Хабаровск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Хабаровск. Лениным и цIэр зезыхьэ стадион. Мэлыжьыхьым и 29-м. ЦIыху 700 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Борисов (Самарэ), Гурбанов (Краснодар), Зайнагутдинов (Уфа).

«**СКА-Хабаровск**»: Довбня, Иванов, Киреев (Друзин, 55), Удалый, Калинский (Казанков, 61), Черевкэ, Демидкэ, Астафьев (Рылов, 80), Карасёв, Никифоров (Кобялкэ, 75), Корян.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Семёнов, Кузнецов, Дашаев, Марченкэ, Крамаренкэ, Мухьэммэд (Бажэ, 79), Ахриев (Войнов, 82), Дроздов, Багъэтыр (Мурачёв, 89), Ахъядов (ЛIуп, 79).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Ахъядовымрэ Войновымрэ.



ЛЪЭНЫКЪУИТIМИ мы зэIущIэр хуабжьу жыджэру къыщIадзащ. Нэрылъагъут ахэр текIуэныгъэм зэрыщIэбэнынур: хэгъэрейхэр премьер-лигэм кIуэн, хьэщIэхэр зыхэт гупым къыхэнэн папщIэ гугъу зрагъэхьыну хьэзырт. Дакъикъитху дэкIауэ арат Багъэтыр Альберт япэу хабаровскдэсхэм я гъуэм щеуам. АрщхьэкIэ «Спартак-Налшыкри» напIэзыпIэм «кIуэцIрыхуащ» икIи Астафьевым ди гъуащхьэтетыр игъэпIейтеящ.

Километр мин бжыгъэхэр зэпачу КъуэкIыпIэ Жыжьэм нэс кIуами, налшыкдэсхэр хэгъэрейхэм къазэрыпикIуэт щыIэтэкъым. «СКА-Хабаровск»-м и гъуащхьэхъумэхэр хуабжьу зэхэзехуэн ящIырт Крамаренкэ, Ахриевым, Багъэтырым, Ахъядовым. Бжыгъэр къызэIуихыным «Спартак-Налшыкыр» пэгъунэгъу дыдэ хъуат 34-нэ дакъикъэм. АрщхьэкIэ Багъэтырыр къыIэрыхьа топымкIэ Ахъядовым дэгуэшакъым, езы Альберти гъуэм хуигъэзэфакъым.

Хэгъэрейхэми Iэмал хъарзынэхэр къахукъуэкIырт, ауэ бжыгъэр къызэIуахыным Iуэхур нагъэсыфыртэкъым. Языныкъуэхэм и деж ди гъуащхьэхъумэхэм ахэр къалъахъэрт.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIи щытыкIэм зэрызихъуэжа щыIэкъым. Хабаровскдэсхэр ипэкIэ нэхъ кIуатэрт, ауэ хьэщIэхэри щIэх-щIэхыурэ шынагъуэу ебгъэрыкIуэрт. Апхуэдэу щыт пэтми, «СКА-Хабаровск»-р текIуэныгъэм нэхъ пэгъунэгъуащ.

Джэгур щиух дыдэм Астафьевыр и закъуэу ди гъуэм къыбгъэдэнащ икIи метр зытхух фIэкIа пэмыжыжьэу ар лъэщу зэуа топым Антиповым къригъэгъэзэфащ. Абы иужькIэ Iэмал гъуэзэджэхэр яIащ Кобялкэ, Казанковым, Демидкэ сымэ.

ХьэщIэхэм я насыпти, а махуэм топыр я гъуэм дэкIакъым икIи, я очко бжыгъэм хагъэхъуауэ, мы гъэм зэи щытемыкIуа Налшык къагъэзэж. Хьэлэмэтращи, турнир таблицэм и япэ увыпIитхур иджыпсту щызыIыгъхэм я деж щыIэу «Спартак-Налшыкыр» мы зэхьэзэхуэм къыщыхагъэщIа къэхъуакъым. Апхуэдэ зыхузэфIэкIа япэ дивизионым хэткъым.

КъызэрыттемыкIуэфам и зэранкIэ, «СКА-Хабаровск»-ми и Iуэхухэр нэхъыкIэ хъуащ. Премьер-лигэм щIэбэнын папщIэ иджы къэнэжа зэIущIэхэм абы хуабжьу гугъу щызригъэхьыпхъэщ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ япэ дивизионым иужьу щекIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Химки**» (Химки) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **1**:**1**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - **1**:**1**, «**Тамбов**» (Тамбов) – «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1**:**0**, «**Мордовия**» (Саранск) - «**Балтика**» (Калининград) - **0**:**1**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Тюмень**» (Тюмень) - **1**:**0**, «**Тосно**» (Ленинград область) - «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - **1**:**1**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Енисей**» (Красноярск) - **0**:**3**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Динамо**» (Мэзкуу) - **0**:**1**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **2**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым накъыгъэм и 6-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ «Химки» командэр.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Динамо»** | **34** | **23** | **9** | **2** | **58-24** | **78** |
| **2.** | **«Тосно»** | **34** | **18** | **12** | **4** | **55-25** | **66** |
| **3.** | **«Енисей»** | **34** | **16** | **6** | **12** | **46-37** | **54** |
| **4.** | **«Спартак-2»** | **34** | **14** | **11** | **9** | **50-36** | **53** |
| 5. | «СКА-Хабаровск» | 34 | 13 | 13 | 8 | 37-28 | 52 |
| 6. | «Шинник» | 34 | 14 | 9 | 11 | 36-30 | 51 |
| 7. | «Тамбов» | 34 | 13 | 10 | 11 | 34-30 | 49 |
| 8. | «Факел» | 34 | 13 | 10 | 11 | 35-36 | 49 |
| 9. | «Тюмень» | 34 | 12 | 11 | 11 | 41-39 | 47 |
| 10. | «Химки» | 33 | 11 | 14 | 8 | 36-36 | 47 |
| 11. | «Кубань» | 34 | 11 | 13 | 10 | 36-34 | 46 |
| 12. | «Луч-Энергия» | 34 | 9 | 12 | 13 | 24-36 | 39 |
| **13.** | **«Спартак-Налшык»** | **34** | **7** | **16** | **11** | **23-29** | **37** |
| 14. | «Волгарь» | 34 | 9 | 9 | 16 | 32-45 | 36 |
| 15. | «Зенит-2» | 34 | 7 | 15 | 12 | 37-46 | 36 |
| **16.** | **«Сокол»** | **33** | **7** | **15** | **11** | **32-43** | **36** |
| **17.** | **«Сибирь»** | **34** | **7** | **14** | **13** | **28-41** | **35** |
| **18.** | **«Мордовия»** | **34** | **9** | **6** | **19** | **31-45** | **33** |
| **19.** | **«Балтика»** | **34** | **6** | **15** | **13** | **21-33** | **33** |
| **20.** | **«Нефтехимик»** | **34** | **6** | **8** | **19** | **27-46** | **26** |

# Нало Заур и тхыгъэхэм къоджэ

● Зэхыхьэхэр

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы махуэхэм зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ тхакIуэ цIэрыIуэ, IуэрыIуатэдж, литературэдж Нало Заур и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и IэдакъэщIэкIхэмрэ.**

«ЛИТЕРАТУРЭ еджэныгъэр» къызэригъэпэщат ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ, Адыгэ щэнхабзэмкIэ центрым.





Абы и унафэщI **Езауэ Мадинэ** зэрыжиIэмкIэ, мыпхуэдэ пшыхьхэм нэхъапэм академическэ щытыкIэ яIэу щытащ. Къалэн нэхъыщхьэу яIэр щэнхабзэ, бзэ и лъэныкъуэкIэ Нало Заур хуэдэ IэщIагъэлIхэм я Iэужьыр ямыгъэкIуэду яхъумэн, зэрахьэн зэрыхуейрщ.

ТхакIуэм и гъащIэм, и Iэужьхэм яхутепсэлъыхьыну студентхэм къахуеблэгъат КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Табыщ Мурат**.

- Нало Заур гъуэгу мытынш ирикIуащ, ауэ и гъащIэр насыпкIэ гъэнщIауэ щытащ. Ар яхэтащ къуажэхэр къызэхэзыкIухьурэ адыгэ IуэрыIуатэр хьэдзэ зырызу зэхуэзыхьэсыжахэм. Апхуэдэ цIыху щэджащэм, абы и IэдакъэщIэкIхэм гулъытэ лей хуэтщIу зетхьэн, тлъытэн хуейщ - жиIащ абы. IуэрыIуатэдж цIэрыIуэр фIыуэ зыцIыхуу щыта Табыщым и псалъэхэм къыхигъэщащ нэхъыжьыфIыр зыгъэгумэщIу щыта Iуэхугъуэхэм ящыщ зы - ар сабийхэми, щIалэгъуалэми, нэхъыжьхэми, жьыкIэфэкIэхэми я бзэр ягъэшэрыуэн, я литературэр яджын зэрыхуейрщ.

Пшыхьым и купщIэ хъуат тхакIуэм и новеллэхэм ящыщ «Жыг хъурсанэ» жыхуиIэм Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Тхьэщыгъуей Жаннэ къеджэныр. Абы и къеджэкIэм иджыри зэ наIуэ пщащIырт Нало Заур и бзэм и дахагъымрэ и къулеягъымрэ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**
**Редколлегием хэтхэр**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).**



**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**
**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**
**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**
**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.**
**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**
**КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33**

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэщ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**
**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**
**Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №532**